



## Tèm Referans: Atis pou fè desen nan gid ekonomik

<b>Ki kote:</b>	Pòtoprens ak Jakmèl
<b>Kilè:</b>	Sòti 24 Janvyè 2022 pou rive 18 Mas 2022
<b>Kontak prensipal:</b>	Jean Elie Joseph
<b>Imel :</b>	<a href="mailto:j.joseph@beyondborders.net">j.joseph@beyondborders.net</a>
<b>Nimewo:</b>	RFQ-BBDF-UE-001-2021

### KONTEKS / Context

Beyond Borders, yo konnen an Ayiti sou non “Fondasyon Depase Fwontyè yo” ap travay an Ayiti depi 1993. Beyond Borders / Depase Fwontyè yo ede sitwayen yo kreye mouvman pou lite kont opresyon ak izolman. Beyond Borders / Depase Fwontyè yo sipòte tout mouvman ki vize goumen kont sistèm "restavèk" la (esklavaj timoun), fasilite aksè nan edikasyon inivèsèl, goumen kont vyolans sou fanm ak tifi epi ranplase sistèm opresif kap peze pòv yo. Li ede nan sistèm ki sipòte travay dirab epi asire dirabilite. Beyond Borders / Depase Fwontyè gen twa(3) pwogram kap fè entèvansyon nan peyi a: "Repans Pouwa" ki travay nan mouvman pou elimine vyolans sou fanm ak tifi, "Inisyativ Kominote Modèl Riral (IKM) ak" Inisyativ Kominote Modèl Ibèn "(IKM) kap travay nan mouvman pou elimine system restavèk ak fasilite yon edikasyon inivèsèl. Depase Fwontyè yo gen baz li nan Jakmèl, Pòtoprens ak La Gonâve. Li travay nan kolaborasyon ak plizyè patnè nan peyi a.

Beyond Borders / Depase Fwontyè yo ap lanse yon patenariya 4 lane avèk Komisyon Ewopeyen an nan kad yon pwojè pou ankouraje dwa tifi adolesan yo. L'ap kreye epi pilote yon nouvo gid resous pou ajoute anndan metodoloji Kore Tifi li deja sèvi. Gid resous sa pral ranfòse kapasite ekonomik tifi yo pandan kominote a fè chanjman nòm sosyal pou anpeche vyolans sou fanm ak tifi atrave metodoloji Kore Tifi. Kore Tifi met ansanm pwogram ki santre sou tifi ak mobilizasyon kominotè pou prevansyon kont vyolans sou tifi. Li angaje tifi yo kòm lidè, ankouraje patisipasyon yo nan pwòp devlopman yo pandan yap jwe yon pi gwo wòl nan lavi kominote yo. Tout moun nan kominote a (paran yo, lidè yo, manm kominote jeneral) ak lekòl kle yo angaje yo asire tifi fè eksperyans ogmante nivo enklizyon ak sekirite nan anviwònman yo. Beyond Borders / Depase Fwontyè yo ap dirije pwojè pilòt la nan pwòp kominote enplemantasyon li yo nan Depatman Sidès ak an patenariya epi ak yon lòt enstans pou fè pwojè pilòt la nan kominote sib nan Depatman Lwès la. Nan optik sa Beyond Borders / Depase Fwontyè decide rekrute yon Atis pou fè desen ki pral entegre nan gid resous ekonomik la.

## Atis pou fè desen nan gid ekonomik

### I. OBJEKTIF KONSILTASYON AN / Objective of Consultancy

Atis la ap gen pou fè 4 afich ak tout desen ke nou dwe mete nan modil ekonomik la (anviwon 28 desen). Apre sa, Atis la genyen pou fè mizanpaj pou plase desen yo nan afich ki kreye. Li gen pou fè tout ajisteman selòn fitbak jiska tout desen yo finalize ak aksepte.

## **II. DESKRIPSYON JENERAL KONTRA A ak RESKONSABILITE KONSILTAN AN/General Description of Contract & Responsibilities of Consultant**

- J Fè omwen 28 desen orijinal ki koresponn ak estil ki sèvi nan *Kore Tifi (detay sou desen yo pi banan "Travay pou Livre")*.
- J Fè nenpòt chanjman desen Ekip Repanse Pouvwa nan Depase Fwontyè Yo/ Beyond Borders kapab mande, menm si genyen jiska 5 vèsyon, epi remet Ekip la tout dokiman final.
- J Respekte angajman pou remèt travay la jan Beyond Borders/ Depase Fwontyè Yo te deside ak li.
- J Respekte tout kalandriye ak delè ki etabli ansanm ak ekip Repanse Pouvwa nan Depase Fwontyè Yo/ Beyond Borders pou reyalizasyon travay sa.
- J Disponib pou voyaje Jakmèl pou yon atelye pandan 4 oswa 5 jou pou fè desen yo, pi bonè posib pandan peryòd kontra a.
- J Peye ak patisipe nan òganize lojistik ansanm ak Beyond Borders/ Depase Fwontyè Yo pou rann sa posib. (Tanpri pran an kont transpò ak sekirite si posib anndan pwofoma a).
- J Fasilite kominikasyon dirèk ant atis ki ap fè desen ak pwen fokal Beyond Borders/ Depase Fwontyè Yo omwen chak semèn pandan kontra a jiskaske travay la fini sou satisfaksyon Beyond Borders/ Depase Fwontyè Yo.

## **III. TRAVAY POU LIVRE/ Deliverables**

4 afich 18x24 finalize, ak anviwon 28 desen tout koulè plase ladan. Si tout 28 desen yo pa antre anndan afich yo, li posib desen yo ap fèt apa pou mizanpaj nan lòt dokiman. Kantite desen kapab vin pi piti men pa pi gwo, selon demann ekip kreyasyon ak pwen fokal nan Depase Fwontyè Yo/ Beyond Borders.

## **IV. DIRE ak DAT LIMIT / Duration & Deadlines**

- J Kontra sa a ap koumanse apati 24 Janvyè 2022 pou rive nan 18 Mas 2022. Yon kalandriye detaye ap bati nan premye semenn travay ansanm ak pwen fokal Beyond Borders/ Depase Fwontyè Yo pou byen oryante travay ak atenn rezilta. Men pi gwo pati nan travay sa a ta dwe fèt nan fen mwa Janvyè ou rive nan mwa Fevriye 2022.

## **V. RESKONSABILITE DEPASE FWONTYE YO / Depase Fwontyè yo Responsibilities**

- J Pataje tout dokiman referans, logo ak tout lòt detay pou byen oryante travay Atis

- ] Peye kontra
- ] Bay fidbak nan fason ki respekte dele ki etabli ansanm
- ] Rete an kontak avek Atis pandan dewoulman kontra pou yon meyè oryantasyon

#### **VI. PWOFIL KANDIDA / *Candidate Profile***

- ] Genyen eksperyans nan fè desen, ni nan kreyasyon estil desen grafik ni nan mizanpaj.
- ] Kapab fè desen nan fason dezinyatè grafik ak kay empresyon kapab sèvi.
- ] Disponibilite
- ] Gen pasyans (kapab genyen plizyè chanjman)
- ] Demontre respè pou tout moun nan tout sikonstans selòn kondisyon ki prezante yo
- ] Fanm (yon diplis)

#### **VII. EGZIJANS pou DEPOZE APLIKASYON / *Submission of Application***

- ] Yon lèt motivasyon ki dekri eksperyans yo ; bouyon travay ki fèt deja
- ] Yon pwofòma ki byen detaye, ki define chak depans.
- ] Si w se yon fim, dwe genyen patant ajou.
- ] Yon CV

#### **Pou postile:**

Tanpri remèt pwoforma pou pri pou chak desen ak yon pri total selòn kantite desen ki estime anndan tèm referans lan si posib, ak tout revizyon nesèsè anndan pri a. Ajoute yon lòt liy pou estimasyon pou lojistik (transpò, sekirite, domi ak manje) pou atelye Jakmèl la. Proforma yo ak yon CV dwe remèt anvan 14 Janvyè 2022, ansanm ak egzanplè travay sou [consultant@beyondborders.net](mailto:consultant@beyondborders.net)